



Ki sa pou w Fè pou W Jwenn Èd:

- ▶ Rele oubyen kontakte lekòl pitit ou a (*administratè, konseye, oubyen lòt founisè sante mantal ki baze nan lekòl la*)
- ▶ Rele Liy Asistans pou Paran M-DCPS la: (305) 995-7100
- ▶ Idantifye sant sante mantal lokal nan kominote a
- ▶ Kontakte pedyat pitit ou a oubyen doktè fanmi an
- ▶ Pou sipò imedyat oswa nan ka ijans rele 911



M-DCPS
SÈVIS SANTE
MANTAL

Ou Bezwen Èd?



Lokal:

Liy Asistans Sèvis Sante Mantal pou Paran M-DCPS yo:
Rele (305) 995-7100

Liy 'switchboard' Sekou vil Miami:
Rele 2-1-1

Thriving Minds of South Florida:
Rele (305) 858-3335

Banyan Mobile Crisis:
Rele (305) 774-3616

SEDNET:
Rele (305) 598-2436

Nasyonal:

Liy Nasyonal Prevansyon kont Suisid:
Rele oubyen voye yon tèks nan 9-8-8

Liy pou Voye Tèks Lè Gen Kriz:
Voye tèks 'HOME' nan nimewo 741741

Pou resous adisyonèl vizite:

dadeschools.net
mentalhealthservices.dadeschools.net
studentservices.dadeschools.net


Suiv nou sou medya sosyal yo:

 @MDCPS_MHS
@StdtSvcMDCPS



Sansibilizasyon sou Byennèt Mantal

Depatman Sante Mantal ak Sèvis Elèv ofri Enfòmasyon ak Konsèy pou Paran



Sèvis Sante Mantal

“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) atravè Biwo Sante Mantal ak Sèvis Elèv bay byennèt sosyal, emosyonèl e sante mantal tout elèv yo priyorite. Nou gen resous lokal e nasyonal ki disponib pou elèv yo, paran, ak moun ki enterese yo nan kominote a. Nan patenarya avèk ajans kominotè yo, nou bay sèvis ki baze sou rekòmandasyon pou elèv ki gen bezwen pou terapi ak entèvansyon adisyonèl.

Kèk Siy Sante Mantal pou Nou Veye:

- ▶ Gwo enkyetid ak laperèz
- ▶ Tris souvan
- ▶ Konfizyon nan rezònman
- ▶ Chanjman nan emosyon
- ▶ Difikilte pou dòmi
- ▶ Chanjman nan apeti
- ▶ Izolasyon
- ▶ Konsomasyon dwòg
- ▶ Lide suisid
- ▶ Konpòtman ki met lavi l andanje



Pwofesyonèl Sèvis Sante Mantal ki Baze nan Lekòl:

- ▶ Konseye Lekòl yo
- ▶ Espesyalis ‘TRUST’
- ▶ Kowòdonatè Sante Mantal
- ▶ Travayè Sosyal nan Lekòl yo
- ▶ Sikològ Lekòl yo

Sipò yo gen ladan:

- ▶ Konsèy Endividyèl
- ▶ Konsèy an Gwoup
- ▶ Konsèy an Fanmi
- ▶ Evalyasyon Danje yo, Entèvansyon ak Sèvis apre Kriz
- ▶ Kolaborasyon ak Konsiltasyon Ajans ki Gen Ladan Paran-Lekòl-Kominote

Prevansyon Suisid lakay Jèn yo: *Konsèy pou Paran*

Li posib pou fè prevansyon kont suisid. Souvan, jèn ki gen lide pou komèt suisid yo konn bay siy ki montre sa. Pa pè kesyone pitit ou konsènan lide pou komèt suisid.

Men kèk Siy Suisid pou Nou Veye:

- ▶ Menas pou komèt suisid
- ▶ Nòt ekri sou suisid, plan oswa mesaj ekri sou entènèt
- ▶ Fè kado bagay ki gen anpil valè
- ▶ Obsesyon konsènan lanmò oubyen mouri
- ▶ Chanjman sibit nan emosyon
- ▶ Itilizasyon Dwòg ak Alkòl
- ▶ Mal itilize medikamen

Rapèl pou Paran/Gadyen yo:

- ▶ Pran menas yo oserye. Li enpòtan anpil pou nou fè suivi, menm apre lè pitit ou a kalme li oubyen li di “se plezantri li t ap fè.”
- ▶ Kenbe kominikasyon ak lekòl la. Lekòl yo ofri sipò adisyonèl. Kominikasyon enpòtan anpil pou asire lekòl la se anviwònman ki gen plis sekirite e ki pi konfòtab pou pitit ou a.